



Pou Piblikasyon Imedya: 04/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PI GWO AMELYORASYON NAN SISTÈM TRANSPÒ PIBLIK VIL ROME NAN DE DESENI

Amelyorasyon ki te jwenn sipò 1 milyon nan Inisyativ Mobilite Inovatè Gouvènè Hochul, te anonse nan Eta Leta 2023 a

Inisyativ la reprezante wout otobis Centro ki pi efikas ak nouvo sèvis sou demann pou mobilite pou bay lòt opsyon pou pasaje yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sèvis transpò piblik nouvo ak amelyore nan Vil Rome, ki reprezante pi gwo amelyorasyon nan sistèm transpò piblik Vil la nan de deseni, epi ki pèmèt plis machin ak plis chofè k ap sèvi sitwayen Rome pase sa te janm ye anvan. Sipò 1 milyon dola nan Inisyativ Mobilite Inovatè Gouvènè Hochul te anonse okòmansman nan Diskou Eta Leta 2023 li a, Otorite Transpò Rejyonal New York Santral (Centro) te aplike wout otobis ki fèk reyamenaje ki ogmante frekans ak efikasite pou pasaje yo. Centro te inisyè tou sèvis mobilite sou demann oswa mikwo transpò pou bay rezidan yo opsyon transpò adisyonèl ak sèvis ki pi fleksib.

"Transpò piblik ki an sekirite, ki aksesib epi ki abòdab pral ede devlope ekonomi nou an, pwoteje anviwònman nou an ak amelyore kalite lavi," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Amelyorasyon Rome fè pati angajman nou pou modènize sistèm transpò nou yo atravè New York pou bay pasaje yo plis opsyon ak pi bon sèvis, sa ki ede kominote lokal nou yo pwospere."

Inisyativ Mobilite Inovatè sa a ap bay 10 milyon dola nan finansman pou otorite transpò piblik ki pa MTA yo pou elaji kantite sèvis yo ofri ak sipòte pasaje ki fè fas ak difikilte pou gen aksè nan transpò piblik tradisyonèl yo lè li finance kreyasyon nouvo altènativ transpò oswa pwodui teknolojik. Sèvis reyamenaje Centro a pou Rome te vini apre etid apwofondi sou estrikti sèvis ki egziste deja ak angajman avèk pasaje yo, moun ki gen enterè yo ak chofè yo pou jwenn kòmantè yo sou fason yo pi byen sèvi zòn nan. Amelyorasyon sèvis an konsekans yo kenbe twa wout fiks ki pral ogmante frekans soti nan 45 minit pou rive nan 30 minit epi kontinye sèvi lokal ki pi popilè yo: tankou Griffiss Airpark, Rome Health Hospital ak koridò Erie Boulevard ki gen ladann lokal magazen ak Walmart.

Anplis de sa, yo te etabli yon zòn ti transpò "MOVE", ki kreye yon pi gwo zòn sèvis ki kounye a gen aksè a transpò piblik. Moun ka pran randevou pou "MOVE" lè yo rele 315-356-MOVE, oswa lè yo telechaje aplikasyon "MOVE" Centro a apati iOS oswa ANDROID, ki etabli yon kont, epi pwograme yon vwayaj. Aplikasyon an ap fonksyone menm jan ak lòt sèvis woulib pataje. Pasaje yo ka peye alavans sou aplikasyon an epi wè machin yo an tan reyèl pandan l ap apwoche kote pou pase pran yo a.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Avèk investisman Gouvènè Hochul ap fè nan transpò piblik, Eta New York ap ede rann li pi fasil ak pi efikas pou pasaje yo ale nan travay, lakay ou oswa magazen an san yo pa itilize yon machin, sa ki fè avanse ajanda nasyonal nou an pou konbat chanjman klimatik. Amelyorasyon yo k ap fèt nan sèvis otobis Centro a se yon sitiyasyon ki benefik pou tout moun, k ap ede gwo ajans transpò nan nò sa a pi byen sèvi kliyan li yo pandan y ap mete Vil Rome sou wout pou yon avni ki pi pwòp ak pi dirab."

Direktè Egzekitif Jeneral Adjwen Centro, Christopher Tuff, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou kòmanse sèvis sa a nan Rome. MOVE pral ofri yon opsyon transpò pratik pou plis rezidan Copper City. Nou pral bay yon pi gwo zòn pwoteksyon avèk plis otobis ak plis operatè otobis pou mennen rezidan nou yo kote yo bezwen ale."

Senatè Eta a Joseph Griffo te deklare, "Nou dwe kontinye chèche fason pou amelyore transpò piblik nan New York. Amelyorasyon sa yo pral amelyore transpò piblik, kenbe sèvis, epi bay itilizatè yo opsyon ki pi efikas ak pi souvan nan Rome."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Se konsa, anpil moun konte sou transpò piblik pou ale travay, nan randevou medikal ak lekòl. Mwen apresye investisman Gouvènè a ak Komisè Dominguez nan Vil Rome epi mwen espere wè amelyorasyon ki pral fèt nan sistèm transpò piblik la."

Chèf Egzekitif Konte, Anthony Picente, te deklare, "Amelyorasyon sa yo nan transpò piblik Rome pral ogmante frekans ak efikasite wout bis yo nan direksyon kèk nan lokal ki pi enpòtan nan vil la. Adisyon sèvis mobilite sou demann Centro a pral bay rezidan yo plis opsyon transpò piblik ak sèvis ki pi fleksib. Amelyorasyon sa a nan sistèm transpò piblik li a pral ede sipòte kwasans kontinyèl Vil Rome epi mwen remèsye Eta New York pou sipò li."

Majistra Jeffrey M. Lanigan te deklare, "Envesti nan transpò piblik enpòtan anpil pou byennèt ak koneksyon kominote nou yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman 1 milyon dola li a pou amelyore sistèm transpò piblik Rome nan. Sibvansyon sa a pral pèmèt CENTRO elaji òf sèvis li yo epi asire ke tout pasaje yo, ki gen ladan moun ki fè fas ak obstak yo, gen aksè ekita nan transpò fyab."

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Centro a ak sèvis li yo, tanpri vizite <http://www.centro.org>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)